

Gid enprimab pou abitan Boston - Jwenn yon Travay Ete pou Jèn Moun - v02.25.25

<https://www.boston.gov/departments/youth-employment-and-opportunity/landing-summer-job-or-internship>

1ye Etap - Verifye elijibilite w (kalifikasyon w)

Pou jwenn travay lajenès ou a, ou dwe :

- gen omwen laj 14 an rive lè pou w kòmanse travay la
- te arive fini klas 6yèm ane rive lè pou w kòmanse travay la
- gen pèmasyon legal pou w travay Ozetazini (Si ou pa gen pèmasyon, tcheke [Paj pou Avansman Jèn Imigran yo \(Immigrant Youth Advancement Page\)](#))

Gen kèk opòtinite ki gen divès egzijans espesyal anplis e pifò opòtinite ki nan lis la limite a moun ki abite nan Vil Boston apentant.

2yèm Etap - Ranpli Sètifika Sante w la pou Demann Pèmi Travay pou Jèn moun nan. Li sèlman nesèsè si ou gen mwens ke laj 16 an lè ou kòmanse travay.

Pwosesis pèmi travay la gen plizyè etap ladan l, men ou ka kòmanse lè w ranpli Sètifika Sante w la !

Chwazi youn nan opsyon sila yo ki nan pati anba a :

- Enprime demann [Pèmi Travay Massachusetts pou Jèn Moun nan « Massachusetts Youth Work Permit »](#) epi fè yon doktè oswa yon enfimyè praktisyèn siyen li pou pèmèt ou travay.
- Mande pou yon fòmilè lekòl/fòmilè kan nan biwo doktè w la avèk siyati dijital (siyati nimerik) doktè w la ladan l. (Dokiman an pa dwe pi ansyen pase yon ane)

Ou kapab fini etap sa a jiska en an davans !

3yèm Etap - Kòmanse kolekte dokiman entegrasyon yo/dokiman anbakman yo

Chak pwogram gen egzijans ki yon ti kras diferan men ou mèt asire w ke w ap bezwen :

- Yon prèv idantite ak otorizasyon travay pou pèmèt patwon ou ranpli verifikasyon anplwaye federal I-9 la.
[Prèv Dokiman Idantite](#)
- Nimewo sekirite sosyal ou (ou bezwen asire w tou non ki sou kat sekirite sosyal ou a koresponn avèk non ou itilize nan demann ou an).
- Yon dokiman ki pwouve ou enskri lekòl.

4yèm Etap - Fè demann pou Travay/Staj

Jwenn opòtinite ki atire ou nan [futureBOS](#).

Fè demann pou twa oswa plis travay e fè yon demann bonè ap ba ou plis chans pou w jwenn yon òf.

5yèm Etap - Kontakte Divès Anplwayè

Lè w ap chèche yon travay, TOUJOU PWOAKTIF !

Rele oswa voye yon imèl bay divès kontak anplwayè a pou w fè yo konnen ou te soumèt yon

demann/yon aplikasyon e ke ou reyèlman enterese nan pozisyon an.

Pifò anplwayè kòmanse pran desizyon anbochaj depi fevriye jiska jen. Kontinye tcheke ankò e fè yon demann jiskaske demann yo fèmen nan fen jen/kòmansman jiyè pou travay jèn moun pandan ete.

6yèm Etap - Entèvyou

Chak travay ak staj ka gen yon pwosesis diferan pou fè entèvyou e fè òf. Yonfwa ou arive gen yon òf anplwa, ou ka avanse nan pwochèn faz la : entegrasyon « onboarding ».

7yèm Etap - Jwenn e asepte yon òf travay

Chapo ba, ou jwenn yon òf !

- Premyèman, aksepte yon òf.
- Si w te resevwa plizyè, chwazi youn ki bon pou ou epi reponn anplwayè a pou w di li ou aksepte.
- **Pa bliye refize nenpòt lòt òf ou te resevwa, pou w libere espas la pou kamarad ou yo.**

8yèm-10yèm Etap - Pèmi Travay ak Pwosesis Entegrasyon senplifye pou Travay Vil la ak djòb « YOU Jobs » yo

Pou travay avèk depatman Vil Boston yo, yonfwa ou jwenn yon òf, ou kapab konplete tout pwosesis anbochaj la avèk yon sèl vizit nan biwo nou an ! Jis asire w ke ou pote tout dokiman yo ki sou lis kontwòl nou an.

- [Lis kontwòl pou dokiman yo](#)

* Tout travay Vil Boston gen « Successlink - City » nan chan pwogram nan, nan FutureBOS *

Si w gen laj 16-17 an, enprime [Demann pou pèmi travay Massachusetts la pou jèn moun](#). (Si ou gen laj 14-15 an epi ou pa ko fè sa, tanpri tounen nan 2yèm Etap la)

8yèm Etap - Jwenn yon anplwayè ak siyati paran/gadyen sou demann pou pèmi travay pou jèn moun nan

- Si w gen 16-17 an, enprime [Demann pou pèmi travay Massachusetts la pou jèn moun](#). (Si w gen 14-15 an epi ou pa ko fè sa, tanpri tounen nan 2yèm Etap la).
- Pote li bay anplwayè a epi fè li ranpli seksyon Pwomès Anplwa a (Pwomès Travay la).
- Apresa, ou menm ak paran ou oswa gadyen legal ou dwe siyen dokiman an tou.

[Gade tout etap yo pou pèmi travay jèn moun nan](#)

9yèm Etap - Soumèt Demann pou Pèmi Jèn nan epi Jwenn Pèmi Travay pou Jèn moun nan Li SÈLMAN nesesè si w ap anba laj 18 an lè w ap kòmanse travay

- Konseye pedagogik lekòl ou a (si w ale nan Lekòl Charter [kontra] Piblik oswa Lekòl Piblik Boston)
- Espesyalis Karyè Pwofesyonèl « PIC » ou a
- Biwo « YEO » a

Dokiman suivan yo se dokiman nesèsè

- Demann pou pèmi travay ou a avèk tout siyati egzije yo (ki enkli siyati doktè a pou sila yo ki gen laj 14 ak 15 an).
- Yon dokiman ki pwouve laj ou. Sa kapab yon ak de nesans, paspò, oswa dokiman imigrasyon. **Si w gen pwoblèm pou w jwenn youn nan dokiman sa yo epi w te fèt nan vil Boston, YEO ka ede w jwenn yon ak de nesans gratis.**
- Pou elèv laj 15-16 an - yon dokiman ki pwouve ou enskri lekòl.
- Pou elèv laj 16-17 an - yon dokiman ki pwouve ou arive fini klas sizyèm ane.

[Gade tout etap yo pou pèmi travay jèn moun nan](#)

10yèm Etap - Entegrasyon avèk anplwayè a

Chak anplwayè gen egzijans ki yon ti kras diferan pou entegre w nan travay ou. Sepandan, tout anplwayè yo mande pou ou bay :

- Si ou pa ko gen laj 18 an - Yon [pèmi travay pou jèn moun](#) pou travay spesifik la, ke yo te akòde w pandan ane anvan an.
- Dokiman ki etabli idantite w ak otorizasyon travay ou, sa ap rann anplwayè w la kapab ranpli verifikasyon anplwaye federal I-9 la. Pou pifò anplwayè sa dwe fèt an pèsòn. [Men lis dokiman ki ka sèvi pou rezon sa yo.](#)

Rive sou dènye etap sa a kou ou aksepte yon travay, paske ou pa kab kòmanse travay toutotan ou pa fini entegrasyon an.

11yèm Etap - Prepare w pou travay

Anplwayè w la ap kontakte w pa imèl oswa telefòn lè w gen otorizasyon pou w kòmanse travay. Ou ta dwe tann jiskaske ou tande anplwayè w la di ke entegrasyon w lan fini anvan w kòmanse travay.

Si ou pa gen yon kont labank, kounye a se yon bon moman pou w ouvri youn ! Depoze salè ou (lajan w touche) nan yon kont va ede w evite gaspiye lajan ou nan frè pou chanje chèk. Pou plis enfòmasyon sou ouvèti yon kont bank [tcheke FAQ sa a \(FAQ se kesyon moun poze souvan\).](#)

[Gade tout etap yo pou pèmi travay pou jèn moun nan](#)

Bezwen Sipò ?

Si ou santi tout bagay sa yo entimide w, **PA PANIKE !** Gen pwofesyonèl peye ki gen kòm **DEVWA** pou yo ede. Si ou se yon elèv lekòl segondè BPS, meye kote pou w kòmanse se avèk **espesyalis karyè w la nan lekòl la.**

[Jwenn espesyalis sila a ki deziyen pou lekòl ou a](#)

Si w gen kesyon sou SuccessLink, pèmi travay, dokiman pou w entegre w, oubyen si w pa al lekòl nan yon lekòl BPS, tanpri rele, voye yon imel, oubyen ale nan yon biwo pou Anplwa ak Opòtinite pou Lajenès Boston « Boston Youth Employment and Opportunities ».

Jayson T. Student

2300 Washington Street, Apt. 4 | Boston, MA 02121

Mobile: 617-333-3333

myprofessionalemail@bostonk12.org

EDUCATION

Your full school's name | Boston, MA

Class of 2026

Pathway, vocation or College Prep can be added here) Medical Assisting, Film, Technology, etc.

SKILLS

Computer: Microsoft Word/Excel/PowerPoint, Google Docs, Slides or Sheets, Java, Coding, Repair

Language: Bilingual/Conversational in Spanish, Haitian Creole, Cape Verde Creole, Mandarin, etc.

Personal: Creative, Flexible, Strong oral and presentation skills, Detailed oriented

WORK EXPERIENCE *(list multiple experiences in reverse chronological order)*

Company Name | City, State

Month/Year – Month/Year

Title

- [always list your experience with bullets for easy reading]
- [start the with an action verb if possible]
- [make sure you use the right tense for your action verb whether current tense or past tense]
- [always show your accomplishments in your responsibilities]
- [always use numbers as part of your achievements; i.e. installed 50 computers]

VOLUNTEER EXPERIENCE *(if you have multiple experiences, simply list name, location and date in reverse chronological order)*

Organization Name | City, State

Month/Year – Month/Year

- [always list your experience with bullets for easy reading]
- [start the with an action verb if possible]
- [make sure you use the right tense for your action verb whether current tense or past tense]
- [always show your accomplishments in your responsibilities]
- [always use numbers as part of your achievements; i.e. installed 50 computers]

AWARDS & ACHIEVEMENTS

- Honor Roll & or Honor Society Member Month/Year – Month/Year
- -
- -
- -

INTERESTS & ACTIVITIES

- Boston Public School Football Team Month/Year – Month/Year
- -
- -
- -